ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЫДІОКІ

№237 (22.895) ● 2014 гъэм дыгъэгъаз (декабрым) и 4, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэрал Іуэхутхьэбзэхэр нэхъ тэмэму къызэгъэпэщыным тепсэлъыхьащ

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Москва щыхуэзащ Мылъкур тхьнымкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ Васильев Игорь.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ кадастр учетыр зэрырагъэкІуэкІымрэ мылъкур къэралым зэриткымрэ КЪБР-м щегъэфІэкІуэным, щІыхухэм къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащІэр нэхъ тэмэму къызэгъэпэщыным.

КІуэкІуэ Юрий къигъэлъэгъуащ къэрал Іуэхутхьэбзэ зэмылІуэжьыгъуэхэр зэфІэзэгъэкІ центрхэр республикэм и щІыналъэм къыщызэгъэпэщынымкІэ федеральнэ Іуэхущ1апІэр дэІэпыкъуэгъуэхуэ зэрыхъуар икІи апхуэдэ гулъытэм щІыхухэм пщІэшхуэ зэрыхуащІыр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Нобэ

Къалэн нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир нобэ захуигъэзэнущ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэтхэм.

УФ-м и Президентым, хабзэ хъуауэ, илъэсым и кІэм сенаторхэм захуегъаэз, гъэ дыдзыхуэкІуэм къэралым къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр щыубзыхуа тхыгъэкІэ. Къэралымидежкіэмыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэр игъэбелджылым и мызакъуэу, абы къыщегъэнаІуэ щыІэ гугъуехьхэм хэкІыпІэ яхуэхъунуэхэри.

Политологхэм къызэралъытэмкІэ, сыт щыгъуи хуэдэу, УФ-м и Президентым нэхъ зытригъэчыныхьыныр цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, абыхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, экономикэм зегъэужьыным пыщІа къалэнхэрщ.

● Къэпкъ Іуэху

«Адыгэ бзылъхугъэ» фильмыр япэу ягъэлъагъуэ

Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ и Къэрал филармониемрэ дыгъэгъазэм и 2-м япэу щагъэлъэгъуащ режиссер, продюсер цІэрыІуэ, УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Нэгъаплъэ Асчэрбий триха «Адыгэ бзылъхугъэ» («Черкешенка») фильмыр.

А IУЭХУ дахэм хуэзхаца пшыхьым цІыху куэд къырихьэлІат - ешы республикэм щыщхэм я мызакъуэу, адыгэхэр щыпсэу щІыналъэхэм икІа хъэщІэхэри яхуеблэгъат. Нэгъаплъэм нэхъапэм триха фильмиплІри зигу ирихьахэр иджыпсу нэхъыбжкІэ зэрыщыгугъыр нэрылъагъут.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ АР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къул Мухьэмэд**, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыцэ Мухьэмэд**, СССР-м, АР-м я Къэрал саугъэтхэр, УФ-м М. Горькэм и цІэкІэ щыІэ, Шолохов Михаил и цІэр зезыхьэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я саугъэтхэр зыхуагъэфэщ, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цІыхубэ тхакІуэ **Мэшбащэ Исхьэкъ** сымэ. Абыхэм кІыхагъэщащ фильмыр узыгъэгупсысэ, гур къыдэщІэзыІэтэ, адыгэ цІыхубзым и пщІэр нэхъри зыІэт лэжьыгъэфІ зэрыхъуар.

«Адыгэ Іуэрыіуатэм къыхэщыж бзылъхугъэ кІэщІущхэм, пащтыхьхэм, пщышхуэхэм я щхьэгъусэ щэджащэхэм, ябгъэдэлъ зэчийм кІэ, хахуагъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ дуней псом щыцІэрыІуэ, зи псэ емыблэжу бийм пэщІэта, зи хьэл-щэн зэтетымкІэ щІэблэм щапхъэ дахэ яхуэхъу, пІэнэхъым зегъэужьыныжьмкІэ ноби кІалэныншхуэ зыгъэзащІэ адыгэ цІыхубз куэдым я Іуэхущ1афэхэм щыгуфІэу уещІ фильмым. Абыхэм кІэкъуэкІа щыпкъэгъэм уримыгушхуэнкІэ Іэмал имыІэу, фильмым и дэтхэнэ теплъэгъуэри пкъым, псэм хохьэ», - къыджиІащ Хьэфыцэ Мухьэмэд.

Дэфтэрхэр зи лъабжьэ фильмыр щытрахащ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм, Франджым и Париж, Страсбург къэлэхэм.

«Адыгэ бзылъхугъэм» псалъэ гуапэ хужьзыІахэм, ар гунэс зэращыхьуар къыхэзыгъэщахэм ящыщщ ди лъэпкъгъу цІэрыІуэзу Темыркъан Юрий, Шемякин Михаил, режиссер Сокуров Александр сымэ.

«Адыгэ бзылъхугъэ» фильмым щыщ теплъэгъуэ.

ДЖАТОКЪУЭ Залинэ.

ЗэхъуэкІынытъэхэр халъхьащ

● КЪБР-м и Парламентым

КЪБР-м и Парламентыр иджыблагъэ Іуэхугъуэ куэдым тепсэлъыхьащ. А зэІущІэр иригъэкІуэкІащ Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ.

ЗЭІУЩІЭМ япэ еджэгъуэу къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм ятещІыхьауэ» законопроектыр.

Бюджетым теухуа проектым щытепсэлъыхьым, КЪБР-м финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Мишковэ Иринэ** жиІащ республикэм дызытехьэну илъэсым къыхэхъуэну мылъкур сом мелард 23-рэ мелуан 394-рэ, зыхуеинур сом мелард 26-рэ мелуан 379-рэ, зыщыщІэнур сом мелардри 2-рэ мелуан 985-рэ зэрыхъур, сом мелард 17,252-рэ социальнэ Іуэхухэм зэрытрагъэкІуэдэнур. Абы къыхигъэщащ бюджетыр республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм нэхъ тегъэщІауэ зэрыщытынур.

КЪБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Афэщ1агъуэ Михаил** жиІащ япэ еджэгъуэм ирихьэлІэу бюджетым хэлъхьапхъэу къальытэу зэхъуэкІыныгъэу 110-рэ къаазэрыІэхьар.

- Бюджетыр зэпэлъытауэ убзыхуащ. Нэхъыщхьэраци, абы иІэщ социальнэ унэтІыныгъэ - процент 70-р а Іуэхуэхэм хуэхащ, - къыхигъэщащ Михаил.

КЪБР-м и ОМС-м и щІыналъэ фондым и бюджетым теухуауэ къэпсэлъащ абы и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Ацкъан Ратмир**. Абы жиІащ бюджетыр къахэхъуэнымрэ къагъэсэбэпын хуейм зэпэлъытауэ зэрыщытыр. 2015 гъэм тещІыхьауэ ОМС-м сом меларди 6-рэ мелуан 350-рэ иІэнущ.

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм УФ-м и Къэрал Думэм законопроект ирагъэхьащ Урысей Федерацэм и Уголовнэ Кодексым и 151-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ. Ар екъэлІащ балигъыпІэ имыувахэм фадэ ирамыщынгр гъэтхІининым.

ЗэхъуэкІыныгъэ игъуэтащ «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КЪБР-м и законым. КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ** жиІащ федеральнэ законым халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм ельытауэ ар зэрызэрагъэзэхуэжар.

Егъэджэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІ Іуэхущ1апІэхэм хуитыныгъэ яІэщ еджакІуэхэм ящыгъыну фащэр къыхахыну. Абы теухуа унафэ къыщащтэкІэ зэчэнджэщын хуейщ егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэм я советым хэтхэр, адэ-анэхэр. Азычэ Светланэ зэрыжиІамкІэ, республикэ, муниципальнэ еджапІэхэм екІуалІэхэм ящыгъынум и унафэр дяпэкІэ зи къалэныр КЪБР-м и Правительствэракъым, атІэ Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ министерствэрщ.

КЪБР-м и депутатхэм япэ еджэгъуэу къащтащ «КЪБР-м щыІэ юридическэ дэІэпыкъуныгъэ пщІэншэ» законопроектыр. А дэІэпыкъуныгъэр ялъытыжьу федеральнэ, республикэ законхэм къыщыгъэлъэгъуахэм, КЪБР-м и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэмрэ абыхэм къегъэщІылІа Іуэхущ1апІэхэмрэ, КЪБР-м и къэрал юридическэ бюрор, КЪБР-м и Уэчыл палатэм и уэчылхэр.

- А законыр гъэзэщІэным текІуэдэнущ республикэ мылъкум къыхэкІыу сом мелуани 7-рэ мин 300-рэ, - жиІащ КЪБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр ІэнатІэхэмкІэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт**.

Афэщ1агъуэ Михаил къигъэлъэгъуащ «Транспорт налогым», «КЪБР-м и бюджетым и щытыкІэм» теухуауэ республикэ законхэм зэхъуэкІыныгъэ хэзылъхьэ законопроект. Транспорт налогымкІэ льготэ яІэнущ зауэм и ветеран псоми, щызэуар Урысейрамэ хамэ къэралми емылъытауэ.

Депутатхэм Іэ яІэтащ КЪБР-м и Къэзэпщытэ-къэзэбж палатэм и унафэщІым и къудзэ ІэнатІэ убзыхуным, ар КЪБР-м и къэрал лъыкъуэхэм я бжыгъэм хэгъэхьэным теухуауэ.

Мэкъумэш политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ, щІы Іуэхуэхэмкіэ, лапхуэдэуи регламентымкІэ, депутат этикэмкІэ, КЪБР-м и Парламентым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкІэ комитетым хагъэхьащ Бэчыжь Аслъэн. Хабзэр гъэзэщІэнымкІэ, спортымрэ туризмэмкІэ комитетхэм хагъэхьащ Бесльэней Аслъэн. Прохладнэ районым и суд Іуэхущ1апІэ №1-м и хьэкумыщІэ къулыкъым пэрыуващ Сунженкэ Николай.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ЗэІущІэр музеймщекІуэкІащ

КЪБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм зегъэужьынымкІэ, цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ и комитетым хэтхэм я жэрдэмкІэ комитетым и зэІущІэ убгъуа щрагъэкІуэкІащ гъуазджэмкІэ музейм, Ткаченкэ А. Л. и цІэр зезыхьэм. Абы щытепсэлъыхьащ мы республикэм и музейхэм я щытыкІэм, а Іуэхущ1апІэхэм зегъэужьынымкІэ щыІэ Іэмалхэм.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым комитетым и унафэщІ Пащты Борис къыхигъэщхьэхуакІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэм и хъугъэфІыгъуэхэр куэду зэриІэр, республикэм и музей зэмылІуэжьыгъуэхэм щІэлъ экспонатхэм ди лъэпкъхэр зэрыгушхуэ хьэпшыпхэр мымащІэу зэрахэтыр. Музейхэм зегъэужьынымкІэ лэжьыгъэм властым и гъэзэщІакІуэ, лІыкІуэ органхэм я нэІэ зэпымыууэ зэрытетыр къигъэльагъуэри, Пащты Борис жиІащ:

- Иужьрей илъэсхэм нэрылъагъуу къызэщІэрыуащ республикэм и музейхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр. Абыхэм гъэлъэгъуэныгъэхэр, къинэмыщІ щэнхабзэ Іуэхуэхэр щІэх-щІэхыуэ щызэрагъэпэщ. Ауэ япэхэм щыІа щыщІэныгъэхэмрэ гугъуехьхэмри нэсу гъэкІуэда хъуакъыми, ахэр къызэрызэгъэкІыным музейхэм я унафэщІхэр ди гъусэу догупсыс. Мыбдеж дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым музейхэр тхыдэ хъугъуэфІыгъуэхэм я хъуманІэу зэрыщытыр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Гу зылъытапхъэ

Урысейпсо зэпеуэм и республикэ Іыхьэм фыхэт

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хъыбар фегъащІэ еджапІэхэмрэ щІэныгъэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я щІалэгъуалэм я епщІанэ Урысейпсо конкурсым. «Законхэр къыдэгъэкІыныжьмкІэ си жэрдэм» Іуэхум теуха лэжьыгъэ нэхъыфІхэр къыхэхьныжьыгъэгъэпсам, и республикэ Іыхьэр зэрыригъэкІуэкІыжьмкІэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и къызэгъэпэщакІуэ комитетым конкурсым хагъэхьэну лэжьыгъэхэр 2015 гъэм гъатхэпэм и 1-м нэсыху къыщыІихьнущ мы адресымкІэ: **Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 55, КЪБР-м и Парламентым и Унэ, пэш №105**.

Конкурсым и екІуэкІыкІэм щыгъуазэ зыфщІ хъунущ 42-60-84, 40-45-26 телефонхэмкІэ е КЪБР-м и Парламентым и www.parlament-kbr.ru сайтыр щызэІуфхьу.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 4, *махуэку*

♦Урысей информатикэм и махуэщ

♦Дыгъэгъазэм и 4 - 5-хэм Базель (Швейцарие) щызэхэтыжнущ Европэм щынагъуэншагъэмрэ зэдзэкъэныгъэмкІэ и зэгухьэныгъэм хьыкІэ къэралхэм я министрхэм я советым и зэІущІэ.

♦Уэрэджыдакіэ, КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артист **Ало ЛутІэ** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, тхакІуэ, драматург **Тхьэркъуахъуэ Мэжид** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 3 - 2, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 5, *мэрем*

♦ЩІыгулъым и дунейпсо махуэщ

♦Экономикэ, социальнэ зыужьныгъэм хуэлажьэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Таиланд къэралыгъуэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - я пащтыхьыр къыщалъхуа махуэр ягъэлъапІэ.

♦1894 гъэм Берлин щатащ Рейхстагым и унэр. Ар ауэ щытащ нэмыцэ архитектор цІэрыІуэ Валлот Пауль и проектІэ.

♦1926 гъэм Таджик Республикэр СССР-м хыхьауэ щытащ.

♦1936 гъэм СССР-м и Конституцэр къащтащ. КъБАО-р КъБАССР хъуащ.

♦1941 гъэм советыдзэхэр Москва и Іэшэлъашэхэм деж нэмыцэ-фашистыдзэхэм щатекІуэу щІадзащ.

♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизанхэр Лэскэн Езанэм щыІэ нэмыцэ быдапІэм теуащ, хэщІыныгъэшхуи ираташ.

♦Мысырым парламент хэхыныгъэхэр щекІуэкІынущ.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, УФ-ми КЪБР-ми щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Къумыкъу Тыгъуэн** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик икІи и президент, РАЕН-м и академик, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Нэхущ Іэдэм** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Жыласа Заурбэч** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 5 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Адыгэшрэ лІы бэшэчрэ.

ЕхъулІэныгъэ лъагэ

● Школ хъыбархэр

«Робототехникэм и махуэхэр - Сочи» зэІущІэ иным хэту а къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ еджакІуэхэм я дунейпсо олимпиадэ. КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и пресс-ІэнатІэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, ди республикэм и школакІуэхэри хэтащ а зэхъэзэхуэм.

ОЛИМПИАДЭР егъэкІуэкІын зэрыщІадзэрэ мы гъэм илъэси 10 мэхъу. Абы хэт хабзэщ илъэси 7 - 18 ди ныбжь ныбжьыщІэхэр. Иджырей зэхъэзэхуэм и утыку кхихьащ къэрал 47-м къикІа гупхэр. Малайзием и къалашхьэ Куала-Лумпур 2012 гъэм щекІуэкІа апхуэдэ зэпеуэм Урысей Федерацэм икІа гупыр пашэ щыхъуауэ щытащ.

УФ-м Робототехникэмкіэ и командэ къыхэхам хагъэхьэри, мыгъэрей дунейпсо зэпеуэм жыджэру хэтащ ди лъахэгъуэху 11-нэ классым и еджакІуэхэу Къылшыкъуэ Артуррэ ТишкІэ Андрейрэ, гупым я унафэщІ Науянис Элянэ я гъусэу. Ахэр я лІыкІуэщ ЕджакІуэхэм я щІэныгъэ-творчествэмкІэ республикэ центрым.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ апхуэдэ зэхъэзэхуэм япэ дыдэ хэтауэ арами, республикэм икІэхэм къагъэлъагъуащ робототехникэ зэпэкърылъхьэнымрэ ахэр къэгъэсэбэпынымкІэ зэфІэкІ лъагэ зэрабгъэдэлъыр. Ди лъахэм щыщ ныбжьыщІэхэм я фІыгъуи хэлъщ къэралым и гуп къыхэхам дунейпсо олимпиадэм етІуанэ увыпІэр къызэрыщихьам. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и унафэщІ Колотов Александр зэрыжиІамкІэ, гупым зыІэригъэхьа екъулІэныгъэфІхэр щыхьэт тохъуэ робототехникэм ди къэралым зэрызыщижьым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Электросетхэр

Токыр зэблэунукъым

Налшык и Калюжнэ уэрамым тет «Электроподстанц» поселкэм и трансформатор подстанцым и етІуанэ ток пыдзапІэр «Къэббалъхъкоммунэнерго» МУП-м зэригъэпэщыжащ. Илъэс 20-м щІигъуауэ ар къагъэсэбэпыжьыртэкъым.

НАЛШЫК подстанцым къыхэкІ кабелыр зыхуэзэ щІыпІэм жьы хъуахэр щахъуэжащ, киловаттих зриКІуэ уэгу кІапсэхэр зэрагъэпэщыжащ. Иджы трансформатор подстанцым и ток пыдзапІэтІым язым дерт игъуэтмэ, адрейр къагъэсэбэп хъунущ.

КъызэрымыкІуэ щытыкІэ къэхъу зыужьыкъуэмэ, «Электроподстанц» поселкэм электрокъаруКІэ къызэригъэпэщ псэуалъэхэм - Толстойм и цІэр зезыхьэ уэрамым и кІэм щыІэ унэхэм, КъБКъУ-м и корпусхэм щыщ зым, котельнэм, тхъу-кхъуей базэм, Исльам институтым етІуанэ пыдзапІэмкІэ токыр занщІэу ираты нущ.

«Къэббалъкъкоммунэнерго» МУП-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Хъыбарегъащ1э

Пшыхьым феблагъэ

Налшык, Профсоюзхэм Щэнхабзэмкіэ я унэм, дыгъэгъазэм и 6-м сыхьэт 18-м щекІуэкІынущ «Хаара харуаа реихабы» («Ди ТекІуэныгъэм и уэрэдхэр») макъамэ пшыхьыр. Ар трауухащ Абхъаз Республикэм и япэ Президент Ардзинбэ Владислав Григорий и къуэм и фэеплъыр гъэлъапІэнымрэ Абхъаз Хэку зауэр зэриухрэ илъэс 20 зэрырикъумрэ.

ЗэIущIэр музеймщекIуэкIащ

(КIэухыр. ПэщIздзэр 1-нэ нап.).

ИкIэщIыпIэкIэ дзгъэкIын хуей Iуэхухэр, апхуэдзу индыспуту музейхэм ипэжыпIэкIэ я щыгIыкIэр зэпIыкрыхауэ зэIущIэм кърихьэ-лIахэм хуаIуэтащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гъуазджэмкlэ и музейм и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат Тау Ритэ, «КъБР-м и лъэпкъ музей» къэрал щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Накуэ Феликс, Iащ1ыхьэмахуэ муниципальнэ районым и музейм и унафэщI Этезовэ Фатlимэ сымэ. Гугуехь нэхъыщхь дыдэхэм ящыщу абыхэм кьыхагъэщащ Iэщ1агъэ нэс зиIэ лэжьакIуэхэр кIуэтэху нэхъ мащIэ зэрыхъур. Мы Iэнатlэм илъэс куэдкIэ зэфIэкIышхуэ кьагъэлъагъуэу щ1ылэжьахэм я ныбжьыр нэсуэ пенсэм макIуэ, ауэ музей Iуэхум хуёджауэ республикэм кьэзыгъэзэжкэр мащIэщ. Апхуэдизу гугуехь пыухыкIахэр пыщIащ музейхэм я фондхэм хэпь экспонатхэр хьумэныпрэ ахэр кьэгъэщIэрэщIэжьинымрэ.

- Пъэпкъ музейм абы и лъэныкъэкIэ зэфIэкI гуэрхэр иIэмэ, адрей музейхэм я Iуэхур зэкIэлъыпмыкIущ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, экспонатхэр зыхуей хуэзэу хьумэнымкIэ арэзы укъэзыщI Iэмалхэр зиIэу абыхэм яхэтыр мащIэщ. Музей унэхэм я нэхъыбапIэр мы лэжьыгъэм зыкIи хуэщIакъым, - къыхигъэщъхьэкIащ Къумахуэ Мухьэдин.

Министрым зэрыжиIамкIэ, республикэм музейуэ 20 щыIэщи, абыхэм ящыщу 3-р къэралым Iэщ1эльщ, 8-р «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъ музей» къэрал щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и къудамэщ, 8-р муниципальнэ унафэм щ1эт музейхэщ, зыр уней музейщ. Абыхэм псоми экспонату щахъумэр мини 195-м щIегъу.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и лэжьыгъэр хуеунэт щэнхабзэм и хъуГуэфIыгъуэхэр музейхэм зэрыщахъумэр егъэфIэкIуэным, экспонатхэр джыным. Музейхэм я фондхэм щыхэкIуэдыкI къэмыхъун папщIэ ахэр тэмэму кьыхатыкI, картотекэхэр зыхуей хуэзэу зэрахьэ. А псоми я фIыщIэкIэ музейхэм еплъыну екIуалIэхэм я бжьыгъэ гъэ къэс нэхъыбэ мэхъу. Ди музейхэм я лэжьакIуэхэм гулъытэшхуэ хуащI езыхэм я экспонатхэр нэгъуэщI щIыналъэхэм щыгъэлъэгъуэным, апхуэдизу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хиубыда щIыналъэхэм, Урысейм и адрей щIыналъэхэм я выставкэхэр кьызэгъэпэщыным. Апхуэдизу иужьрей эзаманым ди дежь гулъытэ щыхуащIу хуежьащ музейхэр жащIу хэкIуэтэху гъэлажьэным.

Хэку зауэшхуэм кьыщIытхьа ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьалIэу нэгъуэщI зы Iуэхуфlи зэфIагъэкIыну я мурадщ. КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм автобус нэхъ инхэм хуэдэ зы кьищ1эхунурэ, абы экспозицэ щ1ыхьуэ кьыщ1эзрагъэпащ1ынущ. Хэку зауэшхуэм теухуауэ. Автобусыр кьуажжэкэм кIуэурэ, абыхэм дэсхэр экспонатхэм ирагъэпIынущ.

- Нэхъыщхьэ дыдэр ди дежкIэ - щIалэгъуалэр щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэм щыгъуазэ щIыныщ1ри, дэ я Iуэхум зэпымыууэ делэжьынущ, - жиIащ1 КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гъуазджэмкlэ и музейм и унафэщI Тау Ритэ кьыхигъэщхьэхуIащ иджыредI щ1эблэм зыдегъэкIын, ар дзэныхьэхэр къэлъытэн зэрыхуейр. Ауэ абы папщIэ щIалэгъуалэр музейм кьеIэзIлаУ, а Iэнатlэм и классическэ лъабжьэхэм щыгъуазэ щIыпхъащ. Мы лэжьыгъэр сабий садхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ кьыщрагъажьэ. ЩIыцIыкIм деж щегъэжьауэ гъуазджэм и хъугъуэфIыгъуэхэр зыльъагъу, зи нэрыпт дэтхэнэри адэкIи а Iэнатlэм нэхъыбэрэ екIуэлIэнущ.

Район музейхэм я лжьакIуэхэми, нэхъыкьэр зыщамыгъэгъупщэми, щIалэгъуалэм ядэлэжьэныр япэ ирагъэщ. Ауэ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и музейм и унафэщI Этезовэ Фатlимэ зэрыжиIащ, абыхэм иджыредI техническэ Iэмэпсымэхэр, зыхуеину унэльащIэр яхурикъурэкым.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъ музей» къэрал щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Накуэ Феликс гугуехь нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу кьыгъэлъэгъуащ КъБР-м и музейхэр щIэныгъэ нэс зиIэ Iэжьакlуэ ныбжьыщIэхэмкIэ кьызэгъэпащIыныр.

- Идджыпсту ди музейхэр зезыхьэхэм я нэхъыбапIэм я пенсэ кIуэгуэщ е пенсэм зэрыкIуэрэ зыбжанэ щIащ. Сэ кьызэрыслъытэмкIэ, а гуГуэныр кьызэнэкIыныжкIэ хэкIыпIэу щ1ыпэ гуп щхьэхуэ кьыхэхауэ егъэджэныгъэ, театрэм папщIэ артистхэр зэрырагъаджэм хуэдэу, - кIыгъэльэгъуащ Накуэ Феликс.

ЗэIущIэм хэтахэм зэакьылэгъуу кьагъэльэгъащ цIыхубэм я щэнхабзэ зэхэщIыкIым хэгъэхъуэныжкIэ музейхэм кьалэнныгъуэ зэрагъэзащIэр, ахэр блэкIамрэ кьэкIуэнымрэ зэпыщIэ пьэмыжу зэрыщIынур.

Музейхэмрэ музей лэжьыгъэмрэ зегъэужьыныжкIэ программэ хэхахэр гъэзэщIэным ельэлIауэ зэIущIэм хэтахэм кьащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм ихуэгъэзэ чэнджэщкIэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

КIэлъыплъыныгъэр ягъэлъэщ



КъБР-м и прокурор Жариков Олег республикэм и прокуратурэм и коллегием и зэIущIэгъуэм и 28-м иригъэкIуэкIащ. Абы щызэпкърахащ Май районым и прокуратурэм и лжьыгъэ зэуIуку кьыдэзэрапщытам кьыриIуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм и Iэнатlэхэр щыкуэхэм зэрызыхуагъаззм зэрыхэлъэ, ахэр зэрырагъблагъэ щ1ыкIэр; Урысейм и МВД-м и Дзэлъкъуэ районым кьудамэм следствэмкIэ, къэхъуакIуэхэр пэублэу зэхэзыгъэкI и органхэм я Iуэхущ1апIэм прокурор кIэлъыплъыныгъэр кьыщызэгъэпэщыным теухуауэ мы гъэм и яп1э мазихьм щIыпIэ прокуратурэм зэфIигъэкIэкIэр.

КОМИССЭМ и унафэщI, КъБР-м и прокурорым и яп1э кьуэдзэ Жекеев Алик и докладымрэ Май районым и прокурор Джатэгъэжь Асльэнбий жиIахэмрэ едаIуэу тепсэльыхьа нэужь, зэIущIэм кьыщIагъэпэсыгъуащ щыхуэхэм я кьэтыныгъэкIэр, хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэр, уголовнэ Iуэхуэхэм щыхэпIуэ судхэм хэтхэм я процессуальнэ зэхэпIэкIэр хьумэныным, кIэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным куейм и прокуратурэм зэрыщегугъур. Абы кьыхагъэщащ кIэлъыплъыныгъэ Iуэхум и лъэныкъуэ щхьэхэр ягъэлъэныкъуэ зэрыхуейр.

КъБР-м и прокурор Жариков Олег Май районым и прокурорым хуигъэуващ кьахута мысусанытэкэр зэрагъэзэкIуэжьнымрэ и планыр зэхэхауэ ягъэхьэзыру, республикэм и прокуратурэм кьратыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурорым и дзэIэпкъуэгъу нэхъыжь ЗекIуэрей Заур кьыдэзэхузэкэр хигъэгъуэзащ цIыхуэхэм зэрызыхуагъаззм хэпIэным, ахэр егъэблагъэным, конституцэкIэ яIэ я хуитыныгъэхэр хьумэным, законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэным, нэхъ хуэмыщIахэм кьащхьэщыжьным хуэунэтIауэ нэгъабэрэ мы гъэм и яп1э мазихьмрэ зэфIапIэкIэхэм. Коллегием хэтхэм кьагъэльэгъуащ а Iуэхуэхэр зэфIэхыным гулъытэ хэха зэрыхуащIыр.

Кьапщтэмэ, мы гъэм и яп1э илъэс ныкъуэм республикэм и прокуратурэм щ1ыху 4733-м зыхуагъэзащ. Ар нэгъабэ и апхуэдизкIэ лъэхъэнэм елытауэ процентI 6,8-кIэ нэхъыбэщ. Щ1хьэгъэгъуэр зэрыгъуэ, улахуэр куэдрэ зэрагъэгъуэрэщ, организацэхэм коммуналнэ Iуэхутхьэбзэкэр тэмэму зэрамыгъэззащIэрщ.

Зыхуэзыгъэзахэм я процент 24,1-м я Iуэхум хуэфащэ унафэ кьыхуагъэтащ. Абыхэм япкъ иткIэ, акт 1920-рэ кьащтащ. Ар илъэс кIуам и апхуэдизкIэ зэманым зэрыхъуам процент 60-кIэ щIегъу: яхуэзымыдыз тхьапIу 28-рэ, кьалэн ящыхьащIу 287-рэ кьуанШэхэм хуатхащ, заявленэ 1545-рэ судым ираташ, хабзэм текIуэ зэрымыхьунур цIыху 13-м гурагъэIуащ.

Республикэм и прокуратурэм и Iэнатlэхэм цIыху 1242-м я щхьэ IуэхукIэ зыхуагъэззащ. Абыхэм я процент 46,2-м - 574-м прокуратурэхэм я унафэщIхэр яхуэзащ. ЖКХ-м пыщIа Iуэхуэхэм игъэпIейтейхэр зэпымыууэ ирагъэблагъэ. Республикэм и прокуратурэм и унафэщIхэр я хэщIапIэм - зэ, куейхэм тIэу цIыхухэм щалуащ.

Арами, зэIущIэм кьыщыхагъэщащ цIыхухэм зэрадзлажьэ Iэмалыщ1эхэр иджыри нэгъэсауэ кьызэрамыгъэсэбэпыр, абыхэм дяпэкIэ гулъытэ хэха хуащIын зэрыхуейр.

Урысейм и МВД-м и Дзэлъкъуэ къудамэм следствэмкIэ, къэхъуакIуэхэр пэублэу зэхэзыгъэкI и органхэм я Iуэхущ1апIэм прокурор кIэлъыплъыныгъэр кьыщызэгъэпэщыным ельэлIауэ мы гъэм и яп1э мазихьм щIыпIэ прокуратурэм зэфIигъэкIэкIэр кьызэрапщытам кьрикIуахэм теухуауэ республикэм и прокуратурэм кьэралкIуэцI Iуэхуэм, наркотик кьэпщытэныгъэмрэ суд приставхэмрэ я Iэнатlэхэм я уголовнэ-процессуальнэ лжьыгъэм кIэлъыплъыныжкIэ и къудамэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Хьэхъуэпащ1э Тимур и докладым едэIуащ. Зэхьыхэм кьыщагъэлъэгъуащ цIыхуэхэм я хуитыныгъэхэр, хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэр, уголовнэ Iуэхуэхэм цIыхуэпIэ судхэм хэтхэм я процессуальнэ шэсыпIэхэр хьумэным хуэунэтIауэ Дзэлъкъуэ районым и прокуратурэм лжьыгъэ пыухыкIа зэрыщегъэкIыр. Арами, нэгъэсауэ ар зэрыуцыщIыкъым. Абы кьыхэкIыу, следствэмкIэ, кьэхъуар пэублэу зэхэзыгъэкI кьудамэхэм щIэнхьаджагъэм теухуа хьыбарыр кьащIэрыгъэхьам кьыщыщIыдзауэ уголовнэ Iуэхум кIэух унафэ игъэутыхькIэ, я процессуальнэ лжьыгъэм кьыщагъэут ныкъуэныгъэхэр ерыщу икIи зэкIэлъыкIуэу ирырагъэзэкIуэжьын папщIэ, прокурор кIэлъыплъыныгъэр ягъэлъэщын хуейщ.

ЗэIущIэм щагъэбдежьащ прокуратурэм и лжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ зэуIу зэфIэгъэкIыпхэхэмрэ ахэр зытещIыхьа пIалъэхэмрэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхьэрэ Жылагъуэ Iуэху

ФедерацэмкIэ Советым и лIыкIуэхэр Къуэкlыпlэ Гъунэгъум щыIащ

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и лIыкIуэхэр Сирием, Ливаным, Иорданием лажьыгъэ Iуэхукlэ щыIащ. Федерацэмкlэ Советым и Унафэщlым и къуэдзэ Умаханов Ильяс, Хамэ къэрал Iуэхуэхэмкlэ комитетым и Iэтащхьэм и къудамэ, КъБР-м кьыбгъэдэкIыу Федерацэмкlэ Советым щыIэ Къанокъуэ Арсен, а комитетым хэт Зинуров Рафаил сымэ Дамаск щыхуэзащ Сирие Хьэрып Республикэм и Президент Асад Башар. Къуэлыкъуэкlэхэр тепсэльыхьащ дунейпсо терроризмэм пэщIэтыным ельэлIа Iуэхуэхэмрэ Сирием щекIуэкI зэпэщIэувэныгъэмрэ.

СЕНАТОРХЭМ кьыхагъэщащ къэралым зэпIэзэрытыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ тепщэ зэрыщыхъужмыур я фIэщ зэрыхьур. Кьанокъуэ Арсен Дамаск щаIущIащ Сириием щыхэхэс адыгэхэм икIи я Iуэху зыIутыр зригъэщIащ.

КьулыкъущIэхэр адэкIэ кIуащ Бейрутрэ Амманрэ. Ахэр Ливаныр Иорданиемрэ я премьер-министрхэм, парламентхэм я спикерхэм, нэгъэщI лIыщхьэхэми яхуэзащ. Къэрал лэжьакIуэхэр тепсэльыхьащ сату-экономикэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, парламентхэр зэдэгъэлэжьным.

УФ-м икIа лIыкIуэхэр Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм щахуэзащ Амман дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм. Абы и тхьэмадэ Къардэн Самир иригъэблэгъащ сенаторхэр икIи лэжьыгъэ Iуэхум зыкъыдагъахуэу я лъахэгъуэхэр зрагъэлъагъуну кьазэрыхьыар и гуапэ зэрыхьур жиIащ. Кьанокъуэ Арсен кьыщпсалъэм кьыхигъэщащ мызэ-мытIэу Адыгэ ФIыщIэ Хасэм зэрыщIар, абы иригъэкIуэкI лэжьыгъэм зэрыщыгъуазэр.

- Сирием щыпсэу адыгэхэм я Iуэху зытетыр зэдгъэщIащ, абыхэм я гукъуэгъ кьытхуаIуэтащ, фэрт фи Хасэ тхьэмадэм сепсэльъати, дяпэкIэ зэфIэгъэзэкIын хуейуэ зызэхуэзэувыжа кьалэнхэм сыщигъэгъуэзащ. Си гугъэщ дыдэжьгъуэгу Iуэхум иужь дихьэмэ, дызыщIэхъуэпсэхэр тхуэзэфIэкIыну. Гур хегъахъуэ дэнэ щыпсэу адыгэри зыхэсым зыдрагъэжIуу, пщIэ кьыхуащIу зэрыпсэум. АбыкIэ фIыщIэр зейр фэращ, - жиIащ Къанокъуэм.

ФедерацэмкIэ Советым и лIыкIуэхэр Сириемрэ Ливанымрэ щахуэзащ а къэралхэм я муслъымэн, чыристан IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм. ЗэIущIэхэм щытепсэльыхьащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIэ щытыкIэ гугъум, абы хэкIыпIэ хуэхъунухэм.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.

● Къэрал щIыб политикэ

Пылхэр щызэзауэкIэ, удзхэр яутэ

Венгриием и Парламентым и депутат, Къэрал щIыб политикэмкlэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Дьенбеши Мартон политик нэхъ цIэрыIуэхэм ящIыщ. Космополитизмэм пэщIэт, хэкупсэ нэс, СССР-р фIыщIэ зыльъагъуу щымыта Мартон иджы Урысейм и телъхъэ хъуныр нэхъ кьещтэ, Америкэм кьызэрыгъэзэмрэ Европсоюзым и унафэ зэрыщIэтымрэ игу темыхуэу.

ДЬЕНДЬБЕШИ Донбасс щеIуэкIа хэхыныгъэхэм кIэлъыплъакIуэ щыIащ, демократиер щытепщэу зэрыщытари къигъэльэгъуащ. «Украинэм куэд ихъэжащ, жеIэ Сорос Джордж, США-м и Къэрал департамент Нуланд Викторие зи пашэр, европей политикхэр. Сыту ищIыну ар Урысейм, сыткIэ хуей гъунэгъу бий? Ди Венгрие цIыкIум дежкIи щынагъуэщ ар. Пэжыр жыпIэмэ, ди гъунапкъэми щокIуэкI геополитикэ зауэ. А щытыкIэм НАТО-м дыхэтынрэ дыхэмытынрэ кьыхэтхын хуейуэ къегъэув. Иджы НАТО-р Урысейм щыпщIэувэкIэ, фронтым япэу Iуэхьэр дэращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, НАТО-м и къуэкIыпIэ гъунапкъэр дэращ. Иджыпсту дэ кьыдолъэIу ди кхъухьлъатэхэр балтие кьэралхэм дгъэкIуэну, хы ФIыщIэмрэ Украинэмрэ зауэм зыщыхуэзыгъасэ дзэхэм хэдгъэтыну. Венгриием и авиацэм балтие гъунапкъэхэр урысхэм ящихьумэн щIидзэмэ, дэ щынагъуэщ кьытпэплъэр. Дэ дгъэунэхуащ апхуэдэ - къэралыгъуэ лъэщитIыр ди щхьэщыгу щызэпэщIуэвэмэ... Пылхэр щызэзауэкIэ, удзхэр яутэ...

- Венгриием и премьер-министр Орбан Виктор жиIащ: « Урысейм дызэрыпэщIуэвэ санкцэхэм Iэ щIэддзыным кьикIыр зыкъыныгъэм и лъагъуэ хэтщар дыбгынэжыныр». Ауэ щыхъукIи, Iэ щIидзащ санкцэхэм. Абы и пIэ уитамэ, уэ сытыт пщIэнур?

- Iэ щIэддзынутэкъым сэ санкцэхэм. Ар лъэпкъ гупсысэкIэм кьизаГъэркъым. Сэ сызыхуэзлажьэр сызыщыщ къэралращ, армыхъумэ Брюсселькъым.

- ЖыпIэну тынщ. Европэпсо зэхуущIытыкIэм утетым куейкъэ?

- США-мрэ ЕС-мрэ хуабжьу дыхагъэзыхь дэ. Премьер-министрым Iэ тримыдзэу щ1ымыхъунукIэ, абы псоми зэхахыу зыкъыумысыжьынкъым хуейщ Венгриер зэрызыIэщIалъхьэмкIэ. Мыбдежьым ящIэрыщIэ: санкцэхэм Iэ тедмыдзэну дыхуимытмэ, Брюссель щыщ щIалэхэм дагъэльагъуфыну пIэрэ ЕС-м дыкьызэпэрыкIыжьну гъэгур? 90 гъэхэм я кIэухым Ёвропэм худиIэну пыщIэныгъэм дыщытепсэльыхьым, зыми игу къэкIакъым европей администрацэм апхуэдэ дыдэу и унафэ дыщIэтыну. Дигугъакъым ди бюджетыр зыхуэдэнури, ди ахъшэр зытедгъэкIуэдэнури, хэтсэну нащэр сыт хуэдэм кьыдгъжалъэу дыпсэуну. ЩIыуагъэшхуэт ар. Пэжщ, Кьухьэпlэм и къуэкIыпIэ гъунапкъэм дежь щыс щIыкъэщ цIыкIуэ. Ауэ дяпэкIэ нэгъуэщI куэдрэ кьыздэпIыкIэ хьунущ: КъуэкIыпIэм и кьухьэпIэ гъунапкъэ... Сытым дежи кьоув а упщIэр: Кьухьэпlэм дрикъуэкIыпIэ, хьэмэрэ КъуэкIыпIэм дрикъухьэпIэ? Дауэ мыхъуми, дэ цивилизацэ инитIым я зэхуаку дыдэсщ. Ауэ зэи тщIгъупщащ ВенгрэкIэ ильэс мин и пэкIэ Кьухьэпlэм кьикIыу Европэм кьызэрыкIуар.

- Бжьыхьэ кIуам Венгриием кьыщыхъуат майдан, иджы нэхъ сабырыжащ армыхъумэ. Сытыт абы щыхъуэсыгъуэ зэхэхьуэр?

- Правительствэм интернетым налог трилъхат. Интэкъым налогыр, ауэ щIалэгъуалэр кьыгъэгубжьащ. ЗэпэщIэувэныгъэр кьыщыхьеям оппозицэм ЕС-м и бэракъыр иIэту хуежьащ: «Урысхэр фи гъэ фыкIуэж!» жаIэу. СызэупщIыжащ абы щыгъуэм - интернетым тралъхьа налогыр урысхэм сыт хуаIуэху.

- Венгриием щыпсэу, зыгуэр къызыгурыIуэ щыхъуэхэм щэч къытрахьэркъым, я деж къыщыхъуа майданыр урысей Iуэхуэхэм зэрепхам. Ар къэхэкIащ Орбан Виктор санкцэхэм я телъхъэ зэрымыхьуам, «Пакш» атомнэ станциим ехьэлIа Iуэхуэныгъэхэм ябгъэ иткIэ Венгриемрэ Урысейм зегурыIуэныгъэм Iэ зэрыщIадзам, «Южный поток» проектыр зэрыдалъигъам ...

- А проектыр нэхъыбэу зэхьэлIар Венгриеращ, армыхъумэ Урысейркъым. Газыр Европэм зэрыщыщ1эбгрыкIым теухуауэ сыти жрыраIэ, ауэ Урысейр гъунэгъущ, газ иIэщ. Европэм и кьалэн нэхъыщхьэр - газыр зи деж кIуэхэм я бжьыгъэм хигъэхъуэнракъым, атIэ ар зэрыкIуэну гуэгум зригъэужьыныр. Украинэр мамырхъыми, хы ФIыцIэр къэбгъэсэбэпу укъыпекIуэкIын хуейщ. Ешы Германием «Северный поток»-р ихуэгъэ, тыншу тIысыжащи, зэман иIэщ ди «Южный поток»-м кьытепсэлъыхьыну.

Епсэльар
СЛАМОВЭ Дарьещ.
«Комсомольская правда»

ЩIыдагъэр пудщ, бензиныр лъапIэщ

● Экономикэ

ЩIыдагъэм и уасэр зэрехуэхам кьыхэкIыу, къэрал зызыужьахэм бензинри нэхъ пуд щыхъунущ. Ди деж Iуэхум нэгъуэщI щытыкIэ щиIэщ - бензиным и уасэм хохьуэ. ЩIыдагъэ нэхъыбэ кьыщыщIаш къэралым апхуэдэ кьыщыхъунир емыкIукъэ?

ЩIыдагъэм и зэранкъым

Иджыри гъэмахуэм Нью-Йорк щIыдагъэ баррелыр доллари 110-рэ щыгуэсэт, щэкIуэгъуэм и кум ар ехуэхащ доллар 80-м нэс. Ауэ гъэсынпхъэр процентI 10-кIэ нэхъ лъапIэ хъуащ, 95 бензин литрыр - сом 36-рэ.

ЩIыдагъэр зыщIэжам загъэзахуэ. ЩIыдагъэ литр кьыщIэгъэкIыным уасэу зэхуэр процентI 5-10-щ. И Iыхьэ плIанэр макIуэ ар гъэкъэбзэным, гъэхьэзырыным. Кьанэр - налогыр. Бензин литрым и уасэм и Iыхьэ плIанэ хуэдиз НДПИ-м (щIыхэкс хъугъуэфIыгъуэхэр кьызэрыщIахьым техьэ налог) ехь. Апхуэдизу дыдэ акцизым, процент 20 хуэдиз - НДС-м (уасэ хагъэхъуэм техьэ налог).

- ЩIыдагъэр кьыщIэхьын кьудейм (мыгъэкъэбзауэ, щэным хуэмыгъэхьэзырауэ) и уасэр, гъэсынпхъэм и уасэр зэрелъытар IэщIагъэлIэхэм зэхуэмыдэу кьабж. Налогым, акцизым техьэм и бжьыгъэм псори зэхуэдэу щыгъуазэщ. Мы гъэм ар процент 65-рэ мэхъу, - жеIэ Omniсomm кIэлъыплъакIуэ сервисым и унафэщIым и къуэдзэ Емельянов Станислав. Литр кьэс хуэзэ уасэм и процент 20-р налогщ. ЩIыдагъэм абы хилъхьаIуэ гу лъыптэркъым. ЩIыдагъэмрэ бензинымрэ я уасэм зэхуаIуэхушхуи щыIэкъым.

Акцизыр умыIэу хъунукъым

Аращ законым жиIэр. Ди экономикэм тепщIыхьми, щIыдагъэр нэхъ фейдэ кьызыпыкIщ. Аращ абы налогыр куэду щIытралъхьэр. Дауи, дохутырхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я улахуэм налог телъхъэпIэ иIэкъым. Акцизымрэ налогымрэ Iэмал имыIэу щыIэн хуейуэ зыгъэзащ1эр кьулыкъущIэхэрщ. Ахэр хуей хъуат ди заводхэм гъэсынпхъэ нэхъыфI кьыщыщIагъэкIынуи, «Евро-5» бензиныфIым и акцизыр ягъэмащIэри, гъэсынпхъэ нэхъ мыхьэнэншэм ейр драгъэуеящ. «Евро-4» бензин тоннм и акцизым и уасэщ сом 9916-рэ, «Евро-5»-м сом 6450-рэ тохуэ. Мурадыр кьайхъулIауэ жыпIэ хъунущ: заводхэм зыкъауэжьыжу щIадзэ, ауэ бензиным и уасэр ИкIыхуркъым.

Гъэсынпхъэр машIэщ

ГъэщIэгъуэнраци, компаниехэм бензиныр хамэ кьэралхэм нэхъ пуду иращэ, щIыдагъэм и уасэм гъэсынпхъэм и уасэр елытащи. ЩIэгъуэщIу жыпIэмэ, щIыдагъэ кьыщIэзышхэм фейдэ яIэжкъым. Абыхэм яхэщIыр щыкъагъэкIуэжыр Урысейращи, кьэралкIуэцIым щыIэ уасэхэр ЛъагъуэщIыр.

ЩIыдагъэ кьыщIэзышхэм гъэсынпхъэр гъуэтыгъуэ ящI, ар кьыщыщIагъэкI IуэхущIапIэр зыхуей хуэгъэзэжкъым елэжьу жаIэри. Монополием пэщIэтыныжкIэ федеральнэ кьулыкъущ иужь ихьауэ щытащ компание зыбжанэм я лэжьэкIэр щIапIыкIыну ауэ зэкIэ уасэм кIэлъыплъынращ яхуэзфIэкIыр. Араци, щIыдагъэр хьилагъэкIэ яубыдами, ар кьыщIэзышхэр кьуанщэми зэхагъэкIакъым. Къэралым кьигупсысащ гъэсынпхъэ зэрыщымыщIэн Iэмал. Бензин хъумапIэхэр кьызэрагъэпэщащи, гъэсынпхъэр яхуримыкъуэмэ, а хъумапIэхэм кьыщIах.

- А Iэмалыр кьэкIыпIэ хуэркъым, - жеIэ Емельянов Станислав. - ГъэтIылъагъэхэр щIэщ, ауэ ахэр зейр компание щхьэхуэхэращи, езыхэм фейдэ ямыIэу ящэну хуейкъым.

ГРЕЧАННИК Андрей.
«Комсомольская правда»

● Ахъшэ

Хэт щIыхуэ зрамытынур?

Банкхэм щIыхуэ зэратым хэхъуэ къахуихьми, абыхэм ахъшэшхуэ зэрыхахуэтIыпщхьэмкIэ жэуапльныгъэшхуэ я пщэ далъхьэж. Шыналгъуэ щIэщIыкIуэ зратхэм я улахуэр ягъэмэщIэнкIэ е лэжьапIэм Iуагъэкlыжьынкlэ.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, кредит кьеIызыхьу дахэ-дахэу езымытыжахэм е кредит Iуэху зэи хэмыхьахэм мы зэманым щIыхуэ къащтэныр нэхъ гугъущ. Кредит зыбжанэ зыпшыныжьым (абыхэм хуэзэу итыжыр и хэхъуэм и процент 40-м нэхърэ нэхъыбэ хъумэ) щIыхуэ иратыныр фIэщщIыгъуейщ. Банк лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, щIыхуэ кьеIызыхьну нэхъ тынышэ зи улахуэр кьабзэу кьызыIэрыхьэ, тельаIами кьаугъэншэу зытыжаращ.

- ЩIыхуэ къащтэн мурадкIэ банкхэм кIэщI-кIэщIкIэ захуэзыгъазэм щэч щIыхуэпщIын щхьэусыгъуэ щыIащ. Абы ипэкIэ къащта щIыхуэхэр етIуанэу щIыхуэ къащтэу ипшыныжьыну хэмыту пIэрэ? - жеIэ Хоум Кредит Банкым Стратегическэ коммуникацэхэмкIэ и управленэм и унафэщI Шкаровская Ирэн. - Ар банкым дежкIэ зэрышыгъуэм кьыхэкIыу кредит ирамытынри хэпIащ.

ЩIыхуэ яхэвмыщтэнкIэ Iэмал имыIэмэ, фи хэхъуэм ельытауэ тынш зыщыщIущ. Иджыкъэ уи Iуэхум кьыхуэкIуэу щIыхуэ кьэпщтэныр тынш дыдэщ, Банк зыбжанэм кьыфхуагъэльагъуэр зэпэфIыпти, фи Iуэху нэхъ къащIикIым къеIыфх. НэхъыфIыжращи - ахъшэ зэхуэфIхьэсу зевгъасэ. Ахъшэр зэрыпхъумэным ящ1ругъэзэныр куэдкIэ нэхъыфIщ, щIыхуэ кьызэIыпхынум ящ1ругъэмщI нэхърэ.

- Языныкъэзэкэм щIыхуэ къащIащтэр ар зытрагъэкIуэдэнур я къарукIэ кьахуэмышщхуну аракъым, - жеIэ экономикэ-правовой еджапIэм и унафэщI Пятенкэ Сергей. - Апхуэдизкэм кьызэрагъэльагъуэмкIэ, абыхэм кьалэхэщыр яхуэмыгъэтIылту, кьэрыхьэр зыщIэу ирагъэкIыну арац. Абыхэм чэнджещIгI епт хъунущ. Апэрауэ, кьалэжьым и Iыхьэ гуэр депозит счетым кIуэу ящI хуэщIу. Абы щыгъуэ къэхьшэрэ «ягъэкIуэдыну хуеинукъым. ЕтIуанэрауэ, фэ кьэвбжьын хуейщ щIыхуэкIэ къэфщIэху зэхэпшыпым и уасэмрэ абы техьэмрэ. Абы Iуэхум и кIуам Iэр нэхъ кьывгуригъэIуэнущ.

«Комсомольская правда».